# BASLAWÍSH KLASS OQÍWSHILARÍNÍŃ INDIVIDUALLÍĞÍN QÁLIPLESTIRIWDE TEATRLARDÍŃ ORNÍ

**Pirimbetova Nazira** – *docent*
**Ernazarov Nurlanbek** – *oqıtıwshı*
**Muratbaeva Gúlnara** – *magistr*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** masuliyatlilik, tartib intizom, madaniy bilimdonlik, o'qishga bo'lgan motivatsiya, o'zini namoyon qila olish, tolerantlikni rivojlantirish, jismoniy rivojlanish, nizolarni hal qilish ko'nikmalari, ta'lim olish faoliyatini rag'batlantirish, psixologik barqarorlikni mustahkamlash, jamoaviy natija uchun mas'uliyatni shakllantirish.

**Ключевые слова:** ответственность, дисциплина, культурные знания, мотивация к учебе, умение самовыражаться, развитие толерантности, физического развития, навыков разрешения конфликтов, стимулирование учебной деятельности, укрепление психологической устойчивости, формирование ответственности за коллективный результат.

**Key words:** responsibility, discipline, cultural knowledge, motivation to study, ability to express oneself, development of tolerance, physical development, conflict resolution skills, stimulation of educational activities, strengthening of psychological stability, and formation of responsibility for collective results.

Házirgi kúnde mádeniyat hám kórkem óner tarawı xalıqtıń aynası, onıń mádeniyatı hám keleshegi ekenligi sır emes. Mádeniyat hám kórkem ónerdi siyasiy dárejege shıǵarǵan mámleketler ózligin hám tariyxın joytpawı anıq. Sonlıqtan da Prezidentimiz " Mádeniyat hám kórkem óner tarawın jáne de rawajlandırıwǵa qaratılǵan qosımsha ilajlar " [1] haqqında Prezident qararın shıǵarıp, mádeniyat hám kórkem óner tarawına kóplegen imkaniyatlar berip kelmekte. Bul imkaniyatlardan paydalanıp, keleshegimiz girewi bolǵan balalardı tárbiyalawda, teatrlardıń ornı haqqında maqala jazıwdı jón kórdik. Maqalamızda tiykarınan jas tamashagóyler hám quwırshaq teatrı repertuarında saxnalastırılatuǵun saxna oyınlarınıń balanıń minez-qulqına tásiri haqqında tómendegishe maǵlıwmatlardı berip óttiik. Juwapkershilik hám tártip ıntızamdı qáliplestiriw: Saxna oyınlarında qatnasıw balalarǵa toparda óz rolı ushın juwapkershilikti hám tayarlıq waqtında ıntızamlı bolıwǵa úyretedi. «Saxnalıq kórinis hár bir qatnasıwshıǵa baylanıslı bolǵanlıǵı sebepli, hár bir bala óz wazıypasın orınlawǵa úles qosadı» [9,50]. Mısal: Spektaklǵe tayarlanıw balalardan wazıypalardı waqtında orınlawdı talap etedi (tekstlerdi eslep qalıw, repeticiyalarǵa óz waqtında keliw).

Mádeniy bilimdi rawajlandırıw: Saxna oyınları arqalı balalar mádeniy qádiriyatlar, milliy dástúrler, xalıq ertekleri hám tariyxıy waqıyalarǵa tiykarlanǵan saxna dóretpeleri arqalı tanısadı. Bul mádeniy miyraslarǵa húrmetti qáliplestiriwge járdem beredi. «Teatr iskerligi, ásirese folklorlıq syudjetler arqalı balada mádeniy ayrıqshalıqtı qáliplestiriwge járdem beredi» [2,313]. Oqıwǵa bolǵan motivaciyanı bekkemleydi: Saxna oyınları dóretiwshilik iskerlik arqalı mektep pánlerine qızıǵıwshılıqtı asırıp oqıw procesin qızıqlı ótkeriwge sebep bola aladı. «Saxna oyınları balalardıń oqıwǵa bolǵan ishki motivaciyasın kúsheytiredi, onı emocionallıq tárepten bayıtadı» [4,89]. Mısal: Ádebiyat sabaǵında oyın oynaw yaǵnıy balalar shıǵarmadaǵı waqıyalardı saqnada oynaw arqalı temanı jaqsı ózlestiriwge járdem beredi. Óz-ózin kórsete alıw kónlikpelerin rawajlandırıw: Saqna oyınlarında qatnasıw balalarǵa ózlerin tamashagóyler aldında kórsetiwdi úyretedi, ózlerine bolǵan isenim hám ǵalabalıq sóylew kónlikpelerin rawajlantıradı. «Teatr balanı ózi menen tanıstırıwǵa hám kórkem ónerdi iyelewge járdem beredi. Bul bolsa sociallıq biyimlesiw ushın zárúrli bolıp tabıladı». Mısal: Bala ózin kórsetiw ushın atqaratuǵun rolin improvizaciya arqalı orınlaǵanda yamasa baslawshı yáki tiykarǵı roldi atqarǵanda óz pikirin erkin jetkerip bere alıwına kónlikpe payda boladı. Hár túrliliklerge (tolerantlıq) hám húrmetti qáliplestiriw: Saxna oyınları, ásirese rol oynaw arqalı, balalarǵa túrli kózqaraslardı qabıllawdı hám basqalardıń shaxsın húrmetlewdi úyretedi. «Teatr oyınları social ayırmashılıqlardı talqılaw hám tolerantlıqtı qáliplestiriw ushın qawipsiz

mákan jaratadı» [3,78]. Saxna oyınları balalarǵa túrli mádeniyatlar, insanlardıń individual ayırmashılıqları, kelip shıǵıwı hám dúnyaǵa kózqarasları menen tanısıw imkaniyatın beredi. Bul bolsa olardı tolerantlıqqa hám túrli mádeniyatlardı húrmet etiwge úyretedi. «Teatr iskerligi balalarǵa basqa mádeniyatlarǵa ashıqlıq sezimin qáliplestiriw arqalı mádeniyatlar aralıq qádiriyatlardı túsiniwine járdem beredi» [2,237]. Mısal: Ayrıqsha mádeniyatlardan (mısalı ózbek hám orıs) bolǵan qaharmanlar menen dórelgen saqnalıq kórinis, mádeniyatlar ara qarım-qatnastı úyretiw menen olarda tolerantlıq qulıq qáliplestiredi. Forum - teatr, bul jerde balalar qarama-qarsılıqtı kórsetiw hám onı sheshiw jolların tabıw menen birge túrli pikirlerdi húrmetlewdi úyrenedi. Fizikalıq rawajlanıwdı xoshametleydi: Háreketler, oyınlar hám ım-ishara-belgilerdi óz ishine alǵan saqna oyını balanıń dene koordinaciyasın, qol motorikasın hám dene sezine alıwın rawajlantıradı. «Teatr iskerligi háreket dóretiwshilik integraciyası arqalı balalardıń fizikalıq rawajlanıwına járdem beredi» [5,41]. Quwırshaq penen háreketleniw anıq háreketlerdi talap etedi, bul bolsa motorikalıq seziwshenlik hám háreketlerdi rawajlandıradı. Konfliktlerdi sheshiw kónlikpelerin rawajlandırıw: balalar kelispewshilik jaǵdaylarında dostana kelisimge keliw hám kelispewshilikti konstruktiv qarım-qatnasqa aylandırıw jolların úyrenedi. Bul konstruktiv qarım-qatnas kónlikpelerin rawajlandırıw ushın zárúrli. «Saxna oyınlarındaǵı waqıyalar balalar ushın konfliktli mashqalalardı sheshiw hám tájriybe payda etiw ushın qáwipsiz ortalıq jaratıp beredi» [3,78]. Mısal: Saxna qahraman rolin atqarıwda, qahramanlardıń óz ara tartıs básekisi hám kelispewshiliklerin de óz ara kelisimlerdi izlewde kónlikpe payda boladı. Saxnada jasalma kelispewshilik payda etip, balalar sol jaǵdaydan improvizaciya arqalı shıǵıp ketiwi bolsa konfliktlerdi sheshiw kónlikpeleri rawajlanadı.

Bilim alıw iskerligin xoshametleydi: Saxna oyınları balalardı gúrrińlerdegi qaharmanlar hám tariyxıy kontekstlerdi úyretedi, bul bolsa izleniwge hám bilim alıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıqtı asıradı. «Teatr oyınları bilimlerdi dóretiwshilik arqalı integraciyalaw arqalı tálim alıwǵa qızıǵıwshılıqtı xoshametleydi» [10,156]. Mısal: Áyyemgi Samarqanddaǵı turmıs haqqındaǵı tariyxıy saxnanı saxnalastırıw (ózbekshe kontekst ushın ) balalardı tariyxni úyreniwge úndeydi.

Psixologiyalıq turaqlılıqtı bekkemlew: Saxna oyınlarına qatnasıw balalardıń psixikalıq turaqlılıǵın rawajlandırıp, tınıshsızlanıw hám stress penen gúresiwge járdem beredi. «Teatrda balalardıń rol atqarıwı arqalı emociya hám sezimlerin basqarıwdı úyretedi» [6,93]. Quwırshaq teatrı arqalı qol motorikasın hám qol háreketlerin muwapıqlastırıwdı rawajlandırıw: Quwırshaq teatrı, saqna oyınınıń bir túri retinde, qoldıń mayda motorikaları menen háreketlerdi muwapıqlastırıwdı rawajlantıradı. Sebebi, balalar quwırshaqlardı basqaradı, saxna dekoraciyalar hám rekvizitlardı óz qolları menen jaratadı. «Quwırshaq teatrı fizikalıq aktivlikti dóretiwshilik menen birlestirib, motor kónlikpelerdi rawajlandırıwǵa járdem beredi» [7,67]. Mısal: quwırshaq teatrında quwırshaqtı basqarıw arqalı, qol háreketin muwapıqlastırıp anıq háreketlerdi basqarıwdı úyretedi. Toparlıq nátiyje ushın juwapkershilikti qáliplestiriw: Saxna oyınları balalarǵa ózleriniń ulıwma iskerligindegi ornıń hám juwapkershiligin ańǵarıwdı úyretedi. «Teatr iskerligi juwapkershilikti qáliplestiredi, sebebi saxnalastırıwdıń nátiyjeligi hárbir qatnasıwshınıń úlesine baylanıslı» [11,112].

Hárbir bala óz roli ushın juwapker bolǵan spektaklǵa tayarlanıw (aktyor, dekorator, bayanatshı), ıntızamdı tárbiyalaydı. Saxna oyınları balalar ushın óz sezimlerin shıǵarıw hám qáweterdi jeńe alatuǵın qáwipsiz ortalıq «Saxna oyınları stres dárejesin páseytirip, bala ózin mektep ortalıǵında qolaylı seziniwine járdem beredi» [8,456]. Mısal: Quwırshaq oyınında qatnasıw uyalshaq balalarǵa ózlerin quwırshaqlar arqalı ańlatıwǵa imkaniyat beredi. Bul bolsa balaǵa basqa shaxs tárepinen baha beriw qáweterin azaytadı.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Oʻzbekiston Respublikasi Prezidentining qarori, 02.02.2022 yildagi PQ-112-son
1. Бахтин М.М. Эстетика словесного творчества. — М.: Искусство, 1979. — С. 237
2. Бахтин М.М. Творчество Франсуа Рабле и народная культура Средневековья и

Ренессанса. — М.: Художественная литература, 1990. — С. 312
3. Боал А. Театр угнетенных. — М.: Прогресс, 2006. — С. 78.
4. Занков Л.В. Обучение и развитие. — М.: Педагогика, 1975. — С. 89.}.
5. Караманенко Т.Н., Караманенко Ю.Г. Кукольный театр — дошкольникам. — М.: Просвещение, 1982. — С. 41
6. Кнебель М.О. Слово в творчестве актера. — М.: ГИТИС, 2000. — С. 93.
7. Образцов С.В. Моя профессия. — М.: Искусство, 1981. — С. 67.
8. Рубинштейн С.Л. Основы общей психологии. — М.: Учпедгиз, 1989. — С. 456
9. Сац Н.И. Дети приходят в театр. — М.: Искусство, 1961. — С. 50.
10. Сластенин В.А. Педагогика. — М.: Академия, 2002. — С. 156.
11. Товстоногов Г.А. О профессии режиссера. — М.: ВТО, 1965. — С. 112.

**REZYUME.** Ushbu maqolada qo‘g‘irchoq teatrining boshlang‘ich sinf o‘quvchilariga pedagogik va psixologik ta’siri haqida so‘z yuritilgan. Bolalarda shaxsiy individual xususiyatlari bo‘lgan mas’uliyat, tartib intizomni shakllantirish, xilma-xillikka (tolerantlik) shakllantirish, nizolarni hal qilish ko‘nikmalarini rivojlantirish, o‘zini namoyon qila olish ko‘nikmalarini rivojlantirishda qo‘g‘irchoq teatrining o‘rni haqida ma’lumotlar berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье рассказывается о педагогическом и психологическом воздействии театра кукол на младших школьников. Даны сведения о роли кукольного театра в формировании у детей ответственности, дисциплины, толерантности к разнообразию (толерантности), развитии навыков разрешения конфликтов, умения самовыражаться, имеющих свои индивидуальные особенности.

**SUMMARY.** This article describes the pedagogical and psychological effects of puppet theater on younger schoolchildren. Information is given about the role of the puppet theater in the formation of children's responsibility, discipline, tolerance for diversity (tolerance), the development of conflict resolution skills, and the ability to express themselves, which have their own individual characteristics.

## ХОРЕОГРАФИЯ КАК МЕЖДИСЦИПЛИНАРНОЕ НАУЧНОЕ НАПРАВЛЕНИЕ

**Сапарбаева Севара Абатбаевна** – *базовый докторант*
*Государственная академия хореографии Узбекистана*

**Tayanch so‘zlar:** xoreografiya, raqs, harakat madaniyati, san’at pedagogikasi, korporativlik, fanlararo yondashuv.

**Ключевые слова:** хореография, танец, двигательная культура, педагогика искусства, телесность, междисциплинарный подход.

**Key words:** choreography, dance, movement culture, art pedagogy, corporality, interdisciplinary approach.

Танец и хореография сопровождают человечество с древнейших времен, выполняя ритуальные, коммуникативные и эстетические функции.

В современном научном дискурсе хореография рассматривается не только как форма художественного выражения, но и как сложная система двигательной деятельности, влияющая на формирование личности, социализацию психофизическое здоровье человека. Искусство играет большую роль в жизни людей, занимая при этом особое место. Обобщая, перерабатывая и в особой манере, свойственной определённому виду искусства, отражая через художественные образы саму жизнь, искусство становится неисчерпаемым источником познания. Только искусство, благодаря своей уникальной способности влиять на человека, дает необыкновенную возможность проявлять творческие порывы и раскрывать дарования и способности. Хореографическое искусство